



WAYNECOUNTY
HEALTH & HUMAN SERVICES

WAYNE COUNTY HEALTH DEPARTMENT

1560 Clingman Street

GOLDSBORO, NC 27534

Suzanne LeDoyen, Health Director

Phone (919) 731-1000 Fax (919) 731-1232

Enfòmasyon sou Dezyèm Trimès la

Ijans Aprè Lè Travay (Ann Pale de Li nan Ti Liv la p.8)

Si ou fè fas ak ijans yo **aprè lè travay**, (anvan 8 am ak aprè 5 pm, lendi jiska vandredi ak nenpòt lè pandan wikenn) tankou senyen, flit likid nan vajen w k ap koule sou janm ou, oswa yon ti koule likid toudenkou (paj 43, 44 nan "Manman an sante, Ti Bebe an Sante"), akouchman anvan lè (paj 61 nan "Manman An Sante, Ti Bebe an Sante"), oswa mouvman fetis la diminye, tanpri rele inite Akouchman ak Travay UNC Health nan 919-731-6200. Si yo pa kapab ede w epi ou santi w ap fè fas ak yon vrè ijans, tanpri ale lopital ki pi pre w la pou yo evalye w.

Risk ak Avantaj nan Bay Tete ak Bay Ti bebe Lèt Fòmil (Paj 21 ak 22 nan "Manman An Sante, Tibebe An Sante" ak "Ann Pale de Li" p.15) Mande nitrisyonis WIC oswa founisè swen sante w la pou aprann plis bagay sou bay ti bebe w la tete.

Kou sou akouchman/paran (Paj 14 ak 15 nan "Ann pale de li" ak Paj 21 nan "Manman An sante, Ti Bebe ki an Sante") **Pedyat**

W ap bezwen anvizaje pou chwazi yon pedyat pou ti bebe w la. Gen plizyè opsyon pou Wayne County.

Goldsboro Pediatrics	919-734-4736	Princeton Pediatrics	919-936-3164
LaGrange Pediatrics	252-566-5999	Mt Olive Family	919-658-4954
Mt Olive Pediatrics	919-658-9123	ECU Health Family Medicine, LaGrange	252-566-4021

Sikonsizyon (paj 58 nan "Manman An Sante, Tibebe An Sante")

Si w ap fè yon ti gason, w ap bezwen chwazi si ou vle pitit gason w lan sikonsi osinon si w pa vle sa. Sa a se yon pwosedi chirijikal pou retire yon pli po ki kouvri pwent peni ti gason an. Sa pa konsidere kòm nesèsè medikalman epi Medicaid ka pa peye pou pwosedi sa a. Tanpri rele nimewo Medicaid ou ki sou kat ou a.

Kontwòl Nesans(paj 55, 57 nan "Manman An Sante, Ti Bebe An Sante" ak "Ann pale de li" p.16)

Èske ou deja chwazi metòd kontrasepsyon w aprè akouchman an? Gen anpil opsyon ki disponib pou ou pou pèmèt ou espase gwosès ou yo. Pale ak founisè swen sante w la si ou gen kesyon.

Pre-eklanmsi (paj 10, 40, 42 nan "Manman An Sante, Ti Bebe An Sante")

Pre-eklanmsi se yon kondisyon medikal kèk manman ka devlope. Sa gen ladan l tansyon wo, pwoteyin nan pipi ak anfleman. Si li pa trete, li ka lakòz gwo tèt fè mal, kriz epi menm lanmò. Yo ka evite maladi sa a si yo trete l rapidman. Si ou kòmanse anfle nan figi w ak men w oswa ou gen tèt fè mal, vizyon twoub oswa doulè nan pati anwo vant ki pa amelyore menm lè ou repoze w, bwè likid oswa Tylenol (si ou pa fè alèji), tanpri chèche swen.

Kè plen ak vomisman (paj 10, 12, 34, 42 nan "Manman An Sante, Ti Bebe An Sante" ak "Ann pale de li" p.10)

Kè plen ak vomisman pandan gwosès se yon plent komen nan gwosès epi jeneralman li amelyore sou 17^{yèm} semèn gwosès la. Men, si ou gen kè plen ak vomisman ki pa janm pase, sa ka yon pwoblèm grav, kidonk tanpri chèche swen imedyatman.

Depresyon (paj 37,38,54,55 nan "Manman An Sante, Ti Bebe An Sante")

Gwosès kapab yon moman enteresan, men li kapab lakòz anpil enkyetid tou. Si ou kontinye konsantre sou bagay negatif yo oswa si ou santi ou deprime oswa tris, ou ka bezwen èd. Ou pa poukont ou, pale ak founisè swen medikal ou a oswa travayè sosyal ou a. Santiman sa yo ka vin pi mal apre akouchman, kidonk chèche èd san pèdi tan.

Swen Dantè (paj 40 nan “Manman An Sante, Ti Bebe An Sante” ak “Ann pale de li” p.12)

Li rekòmande anpil pou pran swen dan ou pandan gwosès pou ede anpeche konplikasyon ak gwosès ou. Si w deja ap resevwa swen dantè, tanpri kontinye, men si w bezwen yon referans pou swen dantè, tanpri fè nou konn sa.

Mizajou 11/04/2024